**Circassian National Assembly (CNA)**
**Адыгэ Лъэпкъ Хасэ (АЛъХ)**

2025 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м

**Пщlэ зыхуэтщl;**

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Президент**

Зиусхьэн президент,

Адыгэ Лъэпкъ Хасэм (АЛъХ/CNA) и цlэкlэ пщlэшхуэ къыфхуэтщlурэ ди сэлам гуапэр фыдох.

Нидерланд Пащтыхьыгъуэм 2024 гъэм къыщызэрагъэпэща икlи и япэрей Зэlущlэ Нэхъыщхьэр Истамбыл 2025 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м щезыгъэкlуэкlа CNA-р диаспорэм и Адыгэ организацэхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лlыкlуэхэр зыхэт зы коалициещ. Хасэр, хамэ къэралхэм ис Адыгэхэр къэзыгъэлъэгъуэну икlи хэкум хуралэ щэнхабзэ, социальнэ пыщlэныгъэхэр гъэбыдэным ехьылlауэ псори зэхуэзыщэсыну зы гъунапкъэ гъэпсын мурадкlэ ирагъэкlуэкlа зэхэупщlыхьыжхэм яужькlэ къызэрагъэпэщащ.

CNA зэкъуэт зэхэщэныгъэм и япэрэ махуэм, жэпуэгъуэм и 4-м Истамбыл шекlуэкlа я 4-нэрэ Дунэйпсо Адыгэ Конференцэм; Тыркум, Голландием, Швецием, Германием, Канадэм, Америкэм, Сирием, Ярданием икlи Израилым (Къфар Къамэ) щыщ хасэ тхьамадэхэр, делегатхэр, шlэлъыплъакlуэхэр икlи хьэщlэхэр хэтащ. Мы конференциехэм и япэритlур 2018, 2019 гъэхэм Германием-Нюрнберг, и ящэнэрэр 2022 гъэм мэкъуэгъу мазэм и 24-27-м Истамбыл щекlуэкlащ.

Адыгъэ Лъэпкъ Хасэр, (CNA) мы ирагъэкlуэкlа конференцэхэм къыщаштауэ щыта ущыехэм япкъ иту къызэрагъэпэща «Диаспорэм Зы Дунэйпсо Адыгэ Хасэ Къыщызэгъэпэщын Мурадкlэ Лэжьакlуэ Гуп»ым дунэйпсо хабзэхэмрэ дунэйпсо цlыху хуитыныгъэ документхэмрэ ятету игъэзэщlа lуэху куэдым яужькlэ Нидерланд Пащтыхьыгъуэм 28.08.2024 гъэм 94815933 номерымкlэ ягъэнэхуа Хасэ Уставым езэгъу ягъэуващ.

CNA-м федеральнэ е щlыналъэ lуэху зезыхьэ правительствэ е lуэхущlапlэхэм япэувын, янэкъуэкъун еплъыкlэ иlэкъым. И лэжьыгъэхэр зэрыщыту, зэдэлэжьэным, зэгурыlуэным, дуней псом тет Адыгэхэр егъэфlэкlуэным щlэгъэкъуэн хуэхъун бгъэдыхьэкlэкlэ игъэзэщlэнущ.

CNA-р, Адыгэ диаспорэ цlыхухэм я зэхуакум Адыгэ идентичностыр, бзэр, щlэиныр икlи хабзэр щыхъумэным зыхуэзыта щэнхабзэ икlи социальнэ платформэу лэжьэнущ. И миссиер; зыуэ щытыным тегъэгушхуэн, дуней псом тет Адыгэ зэгухьэныгъэхэм яку зэпыщlэныгъэ купщlафlэхэр дэгъэлъын икlи хэкум хуэгъэзауэ зэхущытыкlэ гъунэгъу тэмэмхэр щыгъэlэнырщ.

Ди гъэгу гъэлъагъуэ хабзэхэр, пщlэ зэхуэщlыным, щэнхабзэр зэпымыгъэуэным икlи конструктивнэ хэтыныгъэм тещlыхьащ. Ди лъэпкъым и къарур зэкъуэтыныгъэм, зэдэлэжьэныгъэм икlи зэпсэлъэныгъэм къызэрихьыр икlи хэкум пыщlэныгъэ быдэ хуиlэным, диаспорэм ис Адыгэхэм я щэнхабзэ псэукlэмрэ я къэкlуэнумрэ папщlэ мыхьэнэшхуэ зэриlэр ди фlэщlщ.

Мыбы тету, CNA-м, Урысей Федерацэм и лІыкІуэхэми Адыгэ Республикэхэм яунафэщІхэми яхуэгъэзауэ зэпсэлъэныгъэрэ зэгъусэныгъэ лъэмыжхэмрэ иухуэныр мурад ещІ. И лъабжьэкІэ къэкІуэну ІуэхугъуэхэмІ яхьылІауэ зэгъусэу лэжьэным дыхуэхьазырщ:

- Щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмрэ ехьылІа зэхъуэжэныгъэ програмхэр,
- Адыгэбзэр хъумэнымрэ ягъэцІыхунымрэ теухуа проектхэр,
- Щэнхабзэ щІэиныр хъумэнымкІэ зэгъусэ жэрдэмхэр,
- ЩІалэгъуалэр лэжьыгъэм хэшэным тезыгъэгушхуэ лъэпкъ зегъэужь програмхэмрэ
- Адыгэ цІыхубэм сэбэп яхуэхъу экономикэ икІи социальнэ жэрдэмхэр ядэІыгъын.

ЩІыхь зыхуэтщІ Іэтащхьэм дыхуэзэу, дызэрызэдэлэжьэфыну гъуэгухэм датепсэлъыхьу ди гупсысэхэр нэхъ кууэ къэтІуэтэфмэ хуабжьу ди гуапэ хъунущ. Дызэгъусэу икІи купщІафІэу зы диалог диІэфын папщІэ дызэхуэзэфын Іэмал къыдэфтыфыным дыщогугъу икІи псынщІэ дыдэу къыдэфтыжыну фи жэуапым дыпоплъэ.

Ди зэдэлэжьэныгъэм, Адыгэ диаспорэмрэ хэкумрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр нэхъри зэригъэбыдэнур, зэгурыІуэу, пщІэ зэхуащІу икІи псоми я зэхуэдэ ефІэкІуэныгъэм тету Адыгэ лъэпкъымрэ Урыс лъэпкъымрэ яку нэхъ зэхущытыкІэ узыншэхэр къыдэхъухьыным хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІынур ди фэщІщ.

ЩІыхь зыхуэтщІ, Къэрэшей-Черкес Республикэм и гъусэу зым-зым худиІэну зэхущытыкІэ тэмэмым тещІыхьауэ дызэгъусэу дыухуэну зэдэлэжьыныгъэм дызэрыхуейр къабылу дыІыфх.

ФІыщІэшхуэ, пщІэшхуэ къыфхудощІ.

**Дохутыр Нусрет БАШ**
**CNA-м и Президент**